



# VIL MIAMI PWOGGRAM PREZÈVASYON PWOPRIYETÈ KAY (HPP) ETAP POU SWIV



HPP bay jiska \$70,000 nan asistans pou reyabilitasyon pou pwopriyetè kay nan Vil Miami a ki kalifye pou finanse reparasyon deyò ki konsiste de reparasyon oswa ranplasman do kay, ranplasman fenèt oswa pòt ak/oswa enstalasyon vole siklòn, ki nesesè pou mete kay nan Miami nan kondisyon ki desan, an sekirite ak sanitè, atravè metòd ki fòtifye pwopriyete a pou li pi byen sipòte evènman tan natirèl pandan li tou maksimize efikasite kay la ak enèji. Pwogram nan kapab ede kay ki rive jiska 140% Revni Mwayen nan Zòn (Area Median Income) nan. Ou ka twouwe tablo AMI a sou [www.miamigov.com/incomelimits](http://www.miamigov.com/incomelimits). Vil la pral aksepte pre-demann jiskaske nou resevwa yon ase kantite, selon finansman ki disponib pou HPP a. Anba a genyen etap pou swiv pou pwopriyetè kay nan Vil Miami a ki aplike pou yo patisipe nan HPP a. Tanpri li sa avèk atansyon.

1

## ELIJIBILITE

Fè si w elijib avan w ranpli yon pre-demann. Fòk kandida a: (1) posede yon pwopriyete rezidansyèl ki elijib andan fwontyè Vil Miami a (fòk folio a kòmanse avèk #01) epi pwopriyete a pa kapab vo plis pase \$400,000, jan sa poste sou sit entènet County Appraiser a sou [www.miamidade.gov/pa/\\_property\\_search.asp](http://www.miamidade.gov/pa/_property_search.asp); (2) genyen yon egzansyon homestead sou pwopriyete a (abite nan pwopriyete a kòm rezidans prensipal); (3) ajou pou tout asirans ak taks pwopriyete (peye); (4) konprann ke pou moun konplètman kalifye pou pwogram nan, evantyèlman nou pral mande kandida a founi TOUT dokiman ki sou LI DOKIMAN OBLIGATWA YO (o vèso), pou tout moun ki abite nan kay la.



2

## PRE-DEMANN

Telechaje epi enprime yon pre-demann sou papye sou entènet la sou [www.miamigov.com/HPP-Program](http://www.miamigov.com/HPP-Program) oswa pase pran yon pre-demann sou papye nan youn nan Sant Sèvis Katye nan Vil la (tanpri rele 311 pou kote sa yo). Ranpli dokiman an konplètman epi poste li nan City of Miami, Dept. of Housing & Community Development, ATTN: HPP Program, PO Box #013581, Miami, FL 33101. Notifikasyon: si nou twouwe kandida a pa elijib, nou pral poste yon lèt sou atansyon li ki eksplike rezon an. Vil la pral fini peryòd pre-demann nan sou diskresyon li selon finansman ki disponib pou HPP.



3

## LOTRI O AZA

Yon lotri sou konpyitè o aza pou tout pre-demann yo pral fèt ak anrejistre pou etabli lòd nimewik ke staf nou pral trete pre-kandida. Plasman nan lotri a PA bay garanti ke kandida a/kay la pral kalifye pou pwogram sa a. Yon fwa li fèt, nou pral poste lis atant pou lotri a sou [www.miamigov.com/HPP-Program](http://www.miamigov.com/HPP-Program)



4

## EVALYASYON LAY

Yon enspektè pou Vil Miami a pral vizite pwopriyete a pou li fè yon evalyasyon inisyal de bezwen ki elijib yo. Li ka nesesè pou nou fè yon dezyèm enspeksyon pou evalye kapasite kay la pou li sipòte amelyorasyon ki nesesè yo. Nou kapab detèmine pwopriyete a pa elijib si bezwen li yo depase egzijans yo pou pwogram nan, tankou men pa limite a, kondisyon kay la oswa pri pou reparasyon. **Notifikasyon:** Nou pral kontakte w pa telefòn pou nou pwograme randevou sa a.



5

## SÈTIKASYON REVNI

Si pwopriyete a pase evalyasyon kay inisyal la, Lè sa staf nou pral kontakte kandida a epi mande kandida a founi TOUT dokiman ki endike sou LIS DOKIMAN OBLIGATWA YO (o vèso paj sa a), pou nou asire kandida a kalifye pou pwogram sa a. Neglige founi dokiman yo vle di kandida a pa elijib.



6

## ENSPEKSYON PA BÒS KAY

Yon fwa nou konsidere kay la avèk kandida a elijib, yon Bòs Kay pral vizite kay la pou evalye dimansyon travay ak pri pou reparasyon yo. Evalyasyon sa a pral detèmine kantite asistans n ap kapab bay. Notifikasyon: Nou pral kontakte w pa telefòn pou nou pwograme randevou wt.



7

## DETÈMINASYON PRIM

Pwogram nan pral itilize yon fòmil pou kalkile kantite prim nan baze sou analiz enspektè a. Pwopriyètè kay la pral reyini ansam avèk staf Dept. an pou revize kantite prim nan. Si pwopriyètè kay la vle kontinye, fòk li siyen akò pou sibvansyon an. Nou pral sekirize yon nòt, ipotèk, avèk yon klòz restriktif sou pwopriyete a pou montan prim nan.



**Notifikasyon:** Ou pral resevwa yon apèl oswa imèl avèk enfòmasyon konsènan prim ou an. Nou pwograme yon randevou nan biwo nou pou w siyen akò pou sibvansyon an, si pwopriyètè a vle kontinye.

8

## REPARASYON YO KÒMANSE

Yon fwa akò pou sibvansyon an fin siyen, vil la pral antre nan yon kontra pou konstriksyon avèk yon bòs kay pwogram nan chwazi. Reparasyon yo pral kòmanse. Pwogram nan pral peye bòs la dirèk pou reparasyon ki elijib yo.



Telefòn Pwogram: 305-416-2188  
Imèl: [HPPprogram@miamigov.com](mailto:HPPprogram@miamigov.com)





VIL MIAMI  
**PWOGRAM PREZÈVASYON  
PWOPRIYETÈ KAY (HPP)**  
LIS DOKIMAN OBLIGATWA YO



Yon fwa kandida yo rive nan Etap #5 nan pwosesis HPP a (o vèso), nou pral kontakte yo pou nou pwogramme yon randevou pou yo depoze dokiman obligatwa yo pou asire kay la kalifye pou pwogram HPP a, selon direktiv li yo. Nou pral mande dokiman sa yo epi fòk ou ba yo pou tout moun nan kay la ki gen laj omwens 18 an:

1

**Tit pwopriyete a/Politik Asirans Tit  
Pwopriyete a.**

2

**Bòdwo taks pwopriyete, taks jeneral ak  
taks lekòl pi resan an, ak endikasyon  
peman.**

3

**Pou tout moun nan fanmi an ki travay,  
dènye de (2) souchèk pi resan ki endike  
salè brit ak dediksyon yo.**

4

**Fotokopi deklarasyon taks pou dènye de  
lane pi resan yo pou tout moun nan kay la  
ki travay. (Tout paj yo nan deklarasyon an)**

5

**Deklarasyon ipotèk pou fen ane a, si gen  
ipotèk pou pwopriyete a. (Deklarasyon  
ipotèk mansyèl)**

6

**Fotokopi resan pou tout peman dèt pa  
plan tankou kat kredi, magazen, ak prè  
machin, elatriye (Deklarasyon pi resan an)**

7

**Deklarasyon kont kouran pi resan yo.  
(Dènye si mwa yo)**

8

**Tout liv kont epay yo. (Dènye si mwa yo)**

9

**Fotokopi tout rapò sou revni pou byen ki  
kreye revni tankou aksyon, obligasyon,  
byen imobiliye, elatriye.**

10

**Asirans Pwopriyete oswa Politik Asirans  
pou Aza Dife/Inondasyon/Tanpèt Van ki  
aktif.**

11

**Si nenpòt moun nan fanmi an resevwa  
kèlkeswa asistans gouvènmantal, nou  
egzije lèt ki genyen montan benefis la  
endike ladan li.**

12

**Si nenpòt moun nan fanmi an resevwa  
kèlkeswa asistans Sekirite Sosyal, nou  
egzije lèt ki genyen montan benefis la  
endike ladan li.**

13

**Prèv de estati legal. (Batistè, kat  
sekirite sosyal, kat enskripsyon vòt, kat  
rezipans, elatriye)**

14

**Renonsyasyon ki gen rapò ak COVID Vil  
Miami a egzije.**